

Kontra ant Paran-Lekòl

Carver Community Middle School

2020-2021

Pèsonèl anseyan, estaf, fanmi ak elèv *Carver Community Middle School* dakò kontra sa a endike kijan nou pral pataje responsablite pou amelyore rannman akademik elèv yo. Kontra a dekri kijan lekòl la ak fanmi yo pral bati epi devlope yon patenarya pou ede timoun yo bay bon rannman nan yon anviwònman ki sipòtif, efektif ki pèmèt yo satisfè gwo estanda akademik Leta yo. Tanpri, repase l avèk pitit ou a epi klike sou lyen sa pou w konplete fòm pou syen ou li kontra a.

***Carver Community Middle School* pral travay avèk elèv ak fanmi yo pou sipòte siksè yo nan:**

- Ofri bon jan kalite kourikoulòm ak ansèyman nan yon anviwònman ki sipòtif epi efektif ki pèmèt yo satisfè gwo estanda akademik Leta yo.
- Ofri paran yo mizajou sou pwogrè, opòtinite ak siksè pitit yo, souvan.
- Ofri paran yo aksè nan reyinyon ki pwograme avèk pwofesè yo kote diskisyon yo ap konsantre sou rannman endividyèl timoun nan.
- Ofri yo, regilyèman, okazyon pou fanmi yo rankontre epi pataje eksperyans edikatif avèk pitit yo ak pwofesè yo.
- Pataje kourikoulòm ak rezilta elèv yo.

Fanmi yo ap sipòte siksè elèv yo nan aprann, lè yo:

- Fè sèten elèv yo vin lekòl chak jou, alè, pare pou yo aprann, epi kontwole prezans yo regilyèman atravè Sistèm Enfòmasyon sou Elèv la (*SIS*).
- Ede epi/oswa fè sèten yo fè devwa yo
- Gade paj sosyal medya lekòl apwouve pou rete enfòmè
- Fè volontè nan lekòl la
- Patisipe, jan sa apwopriye, nan desizyon ki genyen rapò avèk edikasyon chak timoun an patikilye.
- Ankouraje izaj pozitif tan pou aktivite ekstraeskolè pitit mwen.
- Rete enfòmè sou edikasyon pitit yo epi kominike avèk lekòl la nan li tousuit avi lekòl la oswa distri a voye, swa avèk pitit yo oswa pa lapòs, epi reponn jan sa nesèsè.
- Patisipe otan sa posib nan gwoup konseye, tankou Tit 1, Komite Konsèy Lekòl la.

Elèv yo ap pataje avèk pwofesè ak fanmi yo responsablite pou travay pou reyisi nan:

- Rete konsantre epi patisipe aktivman nan klas.
- Fè devwa lè yo bayo epi mande èd si yo bezwen.
- Lè yo emab epi pran defans youn lòt.
- Li pandan omwen 30 minit chak jou andeyò lè lekòl yo.
- Paticipè nan klib apre lekòl, aktivite ak espò.

- Remèt paran (oswa responsab yo) tout avi ak enfòmasyon yo resevwa nan lekòl la chak fwa genyen yon bagay pou pataje.
- Rapòte sitiyasyon danjere oswa pwoblèm bay lekòl la ak/oswa paran (responsab yo).
“SEE SOMETHING, SAY SOMETHING”! SI OU WÈ YON BAGAY! DI YON BAGAY!

Nou espere ranfòse patenarya avèk ou pandan n ap travay ansanm pou ede pitit ou reyisi lekòl!